

Pou Piblikasyon Imedya: 26/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN ANTISIPE WOUT LWAZI
MILTIFONKSYON AN NAN JONES BEACH**

***Nouvèl Wout ki Mezire 7 Kilomèt la Ap Ofri Vizyèl Pitorèsk Jones Beach epi
Konekte ak Wout Aktyèl yo Toupatou nan Long Island***

***Wout lan Ap Kreye Nouvo Lyen nan Sant Enèji ak Lanati Jones Beach Fiti an ak
Zòn Prezèvasyon Ekstremite Lwès lan***

Pwojè an Te Konplete ak Bidjè a epi Anvan Dat Ki te Planifye an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèvmman Wout Miltifonksyon Jones Beach lan (Jones Beach Shared Use Path), yon nouvo santye lwazi ki mezire 7 kilomèt ki ap ofri moun ki ap mache, ki sou woulochèt, moun ki ap kouri ak siklis yo vizyèl etonan de youn nan pak eta ki pi popilè epi pi bèl nan New York yo. Nouvo santye a, ki te konplete sis mwa anvan dat ki te pwograme a, ap relye tou wout lwazi aktyèl yo ki nan Long Island, bay itilizatè yo aksè a plizyè santèn kilomèt santye adisyonèl epi pwomouvwa pi plis transpò ekolojik nan rejyon an.

"Pandan ke kondisyon metewo ki fè pi cho yo ap apwoche, abitan Long Island ansanm ak vizitè yo pral kounye a gen yon wout tou nèf pou yo ka eksplòre youn nan lokal ekstèn presye New York yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ap fè investisman istorik nan enfrastrikti pou pak ak transpò nou yo, epi wout sa a pral bay moun New York yo yon lòt gwo kote pou fè egzèsis epi entegre vizyon san parèy Jones Beach yo."

"Pak yo vital nan kominote nou yo atravè Eta a, epi Jones Beach se youn nan pak eta New York ki pi popilè yo", **se sa Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi a, te deklare.** "Wout miltifonksyon an ap bay yon santye ki mezire 7 kilomèt pou moun mache, kouri, siklis, ak moun ki sou woulochèt yo ak vizyon imaj pafè Oseyan Atlantik lan. Yo te konplete pwojè a anvan dat ki te pwograme a san depans adisyonèl epi relye ak wout aktyèl yo ki nan Long Island, sa ki ap bay aksè a plizyè santèn kilomèt santye, ogmante touris epi devlope ekonomi an."

Nouvèl wout lan lonje soti depi Jones Beach Field 6, epi apre ale sou Jones Beach Boardwalk pitorèsk lan pou rive nan Ekstremite Lwès (West End) 2 a, kote nouvo Sant Enèji ak Lanati Jones Beach lan (Jones Beach Energy and Nature Center) pral lokalize. Wout lan ap ofri yon vizyèl mayifik sou Oseyan Atlantik la ansanm ak plantasyon sou plaj yo. Yo te enstale siyalizasyon kontwòl sikilasyon yo pou sekirite itilizatè yo ak otomobilis ki ap pase yo.

Wout lan ap relye ak wout miltifonksyon aktyèl yo - Wout Miltifonksyon Ocean Parkway Coastal Greenway lan ak Ellen Ferrant Memorial Bikeway - sou tout Ocean State

Parkway ak Wantagh State Parkway, ki ap bay itilizatè yo aksè a plizyè santèn kilomèt wout pou bisiklèt toupatou nan Long Island.

Anonse pa Gouvènè Cuomo an Novanm 2017, yo te prevwa inisyalman ke pwojè ki koute 3.5 milyon dola a pral pran poz pandan sezon Ete 2018 lan pou ke li pa entèfere ak aktivite sou plaj yo. Sepandan, Depatman Transpò Eta New York lan (New York State Department of Transportation, NYSDOT), ki ap travay an kowòdinasyon ak Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) nan Eta a, te kapab kontinye travay pandan sezon Ete a ak enkonvenyans minimal pou moun ki renmen ale nan pak yo. Travay ki te kontinye yo te pèmèt yo konplete pwojè a anvan dat yo te pwograme a san depans adisyonèl akòz akselerasyon an.

Nouvèl wout lan ap ajoute sou plis pase 32 kilomèt ke NYSDOT te deja ajoute sou rezo djanm wout miltifonksyon Long Island yo nan ane resan yo. Epi apati fen ane 2019, yo pral ajoute yon lòt wout ak achèyman yon nouvèl wout sou Nassau Expressway (State Route 878) ki nan Komin Hempstead, Konte Nassau.

An plis, yo pral lanse konstwiksyon yo pi devan nan ane sa a sou yon 16 kilomèt adisyonèl nan Wout Miltifonksyon Ocean Parkway Coastal Greenway lan, ki pral apre sa elaji soti nan Tobay Beach ki nan Komin Oyster Bay pou rive nan Komin Babylon pou rive nan ekstremitè zile baryè a nan Pak Eta Captree ki nan Komin Islip.

Zòn Prezèvasyon Ekstremitè Lwès lan (West End Preservation Area) ak Sant Enèji ak Lanati Jones Beach lan

Wout Miltifonksyon Jones Beach lan pral kreye tou yon nouvèl koneksyon ki soti depi nan Boardwalk popilè pak lan pou rive nan Ekstremitè Lwès klè li an, kote inisyativ yo ap vanse pou selebre anviwònman kotyè Jones Beach inik lan. Komisè Pa Enterim nan Pak Eta yo Erik Kulleseid te chwazi fòmèlman jodi a 88 ekta nan Ekstremitè Lwès Pak Eta Jones Beach lan kòm yon Zòn Prezèvasyon Pak la an rekonesans a valè ekolojik ekstrayòdinè li yo, ansanm ak plant ak lavi zannimo yo, ki inik oswa ki ra nan Eta a. Deziyasyon l kòm Zòn Prezèvasyon Pak la ap ankouraje yon nivo jerans elve lè nou mentni entegrite ekolojik zòn prezèvasyon an atravè jesyon tout espès animal ak vejetal ki inik, ki ra, ki menase, oswa ki anvwat disparisyon an yo; sa k ap limite devlopman lwazi pasif apwopriye tankou randone, lapèch, ak obzèvasyon zwazo yo; epi ankouraje rechèch syantifik, etid epi edike popilasyon an sou anviwònman an.

Konstwiksyon yo pral kòmanse tou nan yon nouvo [Sant Enèji ak Lanati Jones Beach](#) nan Ekstremitè Lwès 2 a. Nouvo Sant ke yo te elabore yon fason dirab la pral gen yon varyete ekspozisyon ak pwogram pratik, ki ap ede vizitè yo apresye divès ekosistèm Long Island genyen, epi aprann kijan pou yo byen itilize enèji, konsève dlo epi kreye yon avni ki pi rezistan epi pi dirab nan fiti. Ekspozisyon yo prezante yo pral mete aksan sou fason yo jenere ak distribiye kouran; fason resous enèji renouvlab yo konekte nan rezo elektrik la ak nan kay yo; ak fason konsomatè yo ka jere enèji nan fason ki pi efikas pou redwi anprent kabòn nou.

Sant Edikasyon sou Enèji ak Lanati a (Energy and Nature Education Center), patenarya piblik-prive ak PSEG Long Island, Otorite Enèji Long Island lan (Long Island Power Authority), Otorite Enèji New York la (New York Power Authority) ak donatè prive yo,

pral bay espas modèn tou pou elaji epi ranfòse pwogram edikasyon anviwònmantral pak yo, ansanm ak espas pou sal klas pou enstwi konsomatè yo sou teknik enèji pasif ak renouvlab yo. Ekspozisyon ak pwogram yo pral aprann vizitè yo kisa yon Zòn Prezèvasyon Pak ye ak kijan deziyasyon an ap benefisye pak la, ak plant ak lavi zannimo li yo. Repezantasyon grafik pwojè nouvo Sant Edikasyon sou Enèji ak Lanati a yo disponib [la a](#). Yo prevwa etablisman an pral ouvri nan fen ane 2020.

Amelyorasyon nan Antre Prensipal Meadowbrook Parkway

Travay yo ap vanse nan pwojè ki koute 3.9 milyon dola a pou kreye yon apwòch ki pi akeyan pou Jones Beach. Pwojè a pral demoli yon sant komèsyal ki abandone nan Meadowbrook Parkway epi konstwi yon siy nan antre prensipal monimantal la pou akeyi vizitè nan Pak Eta Jones Beach lan (Jones Beach State Park).

Itilizasyon plas komèsyal ak batiman biwo an brik ki gen ywit pis lan, ki te konstwi an 1953, te entèwonpi an 2017. Pwojè a pral elimine estrikti ki abandone yo ki nan antre prensipal pak la epi ede amelyore trafik sikilasyon. Yo pral konstwi wout tanporè pou transfere sikilasyon alantou plas komèsyal la pandan ke travay la ap vanse nan kòmansman mwa Jen. Pwojè a gen ladan tou nouvo mak sou pave yo pou sikilasyon, siyalizasyon, amelyorasyon sistèm drenaj pou dlo tanpèt yo, restorasyon espas yo ak yon antre ki reyalyne nan Loop Parkway. Yo prevwa achèyman pwojè a ap konplete an Septanm 2019.

An plis, Pak Eta yo ap konstwi yon twazyèm antre prensipal nan Jones Beach, ki sanblab a sila yo ke yo te konstwi nan Wantagh Parkway ak Ocean Parkway. Siyal ki make "Gateway to Jones Beach" lan klere ak ekleraj LED ki pa konsome anpil enèji yo, epi yo elabore pou entegre nan estil Dekorasyon Atistik siyati pak la. Wòch an grè ak brik Barbizon yo koresponn ak materyèl ke vizyonè pak lan Robert Moses te chwazi pou Water Tower Ikonik lan, Sal De Ben nan Lès ak Lwès (East and West Bathhouse) ak lòt batiman ki toupatou nan pak la, epi fòm lèt yo koresponn ak siy istorik yo ki nan pak la.

Komisè Pwovizwa Pak Eta yo Erik Kulleseid te deklare, "Wout Miltifonksyon Jones Beach lan se yon nouvèl opsyon ki ekselan pou siklis, moun ki ap kouri yo, moun ki ap mache yo, ansanm ak lòt moun yo pou yo ka eksplòre epi pwofite de zòn pitores Long Island sa a. Wout Miltifonksyon an, Sant Enèji ak Lanati fiti an, ansanm ak Ekstremite Lwès lan yo tout ap ajoute sou travay nou ap fè pou revitalize Pak Eta Jones Beach lan, kreye nouvèl wout pou vizitè yo pou eksplòre pak la, epi selebre esplandè natirèl, istorik, estetik li".

Senatè John Brooks te deklare, "Santye pou bisiklèt yo bay yon opòtinite rekreyatif ke plizyè moun ka pwofite de yo. Isit la nan Long Island, nou gen anpil pak ak plaj ki mèveye. Lè nou kapab gen aksè a yo apati bisiklèt, oswa jis mache sou santye a, sa pral atire moun pou vin pwofite de bote lanati ak Rezo Pak Eta nou an".

Manm Asanble a David McDonough te deklare, "Se te yon privilèj epi yon onè pou nou prezan jodi a nan devwale nouvèl Wout Miltifonksyon Pak Eta Jones Beach lan ke yo te kreye pou siklis, kourè, moun ki sou wouloskèt yo ka pwofite de Pak lan nan yon fason ekolojik natirèl ki ap an konsekans ranfòse anviwònman an. Pak Eta Jones Beach lan te tuojou bijou kouwòn Depatman Pak Eta New York lan (NYS Parks Department), ajou sa a pral jis ranfòse eksperyans vizit Pak lan".

Chèf Egzekitif Konte Nassau a Laura Curran te deklare, "Nouvèl wout miltifonksyon a pral fè Jones Beach vin pi sekirize, pi pwòp, pi aksesib pou siklis ak pyeton yo, epi pi pwofitab pou fanmi yo. Konte Nassau angaje nan sipòte pwojè tankou sa yo ki ap bay chwa transpò adisyonèl pou abitan nou yo".

Sipèvizè Vil Hempstead lan Laura Gillen te deklare, "Nouvèl wout lan pral san dout bay pi gwo aksè ki pa polyan a bijou ki nan Rivaj Sid lan, plaj ak rivaj piblik nou yo. Mwen remèsye patnè nou yo ki nan Eta a poutèt yo ap bay abitan yo yon altènatif ki amizan, ki sekirize, epi ki bon pou sante pou moun kondwi".

Direktè Egzekitif Jeneral LIPA a Thomas Falcone te deklare, "Wout Miltifonksyon Jones Beach lan pral konekte vizitè yo ak Sant Enèji ak Lanati Jones Beach lan lè li ouvri an 2020. LIPA antouzyas pou yo ede vizitè yo enfòmè pi plis sou enèji ak jan ke nou tout ka kontribiye pou kenbe Zile nou an rezistan pou jenerasyon ki gen pou vini yo. Toulède ajou sa yo ap fè Jones Beach vin yon destinasyon rekreyatif prensipal nan Long Island. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou investisman kontinyèl li nan pak Long Island yo".

Dan Eichhorn, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral PSEG Long Island, te deklare, "Nou nan PSEG Long Island kontan pou nou wè ke nouvèl wout miltifonksyon sa a te konplete bonè. Nou ap travay ansanm ak patnè prive ak piblik yo pou kreye yon nouvo Sant Enèji ak Lanati Jones Beach ki pral enspire tout moun pou konsève enèji epi pwoteje lanati, epi mwen pa ka panse a yon pi bon fason pou prepare moun yo pou eksperyans edikasyon sa a pase al fè pwomnad atravè bèl Zòn Prezèvasyon Ekstremite Lwès lan sou nouvèl wout sa a".

Pwojè yo ap kontinye ak revitalizasyon Pak Eta Jones Beach istorik la. Depi 2011, Pak Eta yo te konplete plis pase 50 milyon dola nan pwojè pou restore grandè istorik Pak Eta Jones Beach la, atire nouvo vizitè epi kreye nouvo etablisman pou divètisman nan kad yon plan revitalizasyon k ap fèt pandan plizyè ane a. Pwojè yo reyalize yo gen ladan reyamenajman West Bathhouse Complex ak Field 6, restorasyon mozayik Central Mall istorik yo, nouvo lakou rekreyasyon nan Zòn Jwèt Lwès (West Games Area) ak Zach's Bay, nouvo siyalizasyon nan antre prensipal yo ak achèvmman nouvo restoran Boardwalk Café a. Amelyorasyon pak yo reflekte angajman NY Parks 2020 Gouvènè Cuomo pran pou fè revitalizasyon sistèm pak Eta a.

N'ap fè otomobilis yo sonje ke kontravasyon yo double lè yo depase vitès limit nan zòn travay yo. Konfòmman ak Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay (Work Zone Safety Act) yo, kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakòz yo anile lisans yon moun.

Pou w jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon, rele 511 oswa vizite <https://protect2.fireeye.com/url?k=65457507-396341b3-65478c32-000babd9fe9f-ea5eb9916bbf1a5e&u=http://www.511ny.org/>, oswa sit mobil la sou m.511ny.org.

Swiv DOT Eta New York sou Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT) ak [@NYS DOT LI](https://twitter.com/NYS DOT LI). Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYS DOT.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)